

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar hasil analisis jeung déskripsi data dina bab IV, aya tilu hal utama anu bisa dicindekkeun, nyaéta (1) Réson pamiarsa program Napak Tilas, (2) Sikep basa Sunda pamiarsa program Napak Tilas, jeung (3) Patalina réson kana sikep basa Sunda pamiarsa program Napak Tilas di Garuda Radio Visual 105.5 FM Bandung.

a. Réson pamiarsa program Napak Tilas di Garuda Radio Visual 105.5 FM Bandung

Réson atawa tanggapan pamiarsa kacida positifna kana program Napak Tilas. Sanggeus miarsa program Napak Tilas di 105.5 FM Garuda Radio Visual, pamiarsa ngarasa (1) Bisa meunang informasi ngeunaan Babasan jeung Paribasa Sunda, sajarah, sarta kabudayaan Sunda; (2) Boga kahayang sangkan bisa diajar jeung lancar ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan sapopoé; (3) Bisa maham kana kabudayaan masarakat Sunda; (4) Yakin dina dirina kana hal-hal nu aya patalina jeung basa Sunda; (5) Reueus jadi masarakat Sunda; (6) ngarasa bungah waktu (a) ngadéngékeun lagu Sunda; (b) nyarita ngagunakeun basa Sunda; (c) ngajelaskeun deui ngeunaan budaya Sunda ka batur; sarta (d) bisa ngajelaskeun deui ngeunaan sajarah Sunda ka batur.

b. Sikep basa Sunda pamiarsa program Napak Tilas di Garuda Radio Visual 105.5 FM Bandung nyoko kana tilu hal, nyaéta (1) kasatiaan anu positif kana basa Sunda, (2) kareueus kana basa Sunda nu kawilang positif, jeung (3) kasadaran kana norma basa Sunda kawilang positif tapi teu optimal.

Kasatian anu positif kana basa Sunda ti pamiarsa program Napak Tilas ébréh tina (a) basa Sunda dipaké dina kahirupan sapopoé, (b) leuwih ti heula diajar basa Sunda ti batan basa Indonésia, jeung (c) ngagunakeun basa Sunda dina paguneman situasi formal jeung nerangkeun hiji perkara ka batur.

Kareuesus kana basa Sunda ti pamiarsa program Napak Tilas ébréh tina (a) ngajadikeun basa Sunda jadi lambang idéntitas, (b) ngarasa penting dina (i) ngagunakeun basa Sunda, (ii) ngamimitian gunem catur ngagunakeun basa Sunda, (iii) ngawanohkeun kekecapan/ istilah kasundaan ka lain urang Sunda pikeun ngaronjatkeun éksisténsi basa Sunda, (iv) teu panuju nalika aya nu ngahina basa Sunda, kitu deui ka nu miboga persépsi yén basa Sunda téh kuno atawa tinggaleun jaman.

Kasadaran pamiarsa program Napak Tilas kana ayana norma basa Sunda kawilang positif tapi teu optimal. Disebut positif lantaran pamiarsa sadar yén penting bisa ngagunakeun Tatakrama Basa Sunda (TBS) pikeun kasopanan nalika nyarita. Disebut teu optimal lantaran pamiarsa program Napak Tilas can bisa ngalarapkeun TBS kalayan hadé. Sakabéh pertanyaan ngeunaan kalimah nu maluruh ngeunaan TBS, lolobana dijawab salah. Kasadaran kana ayana norma basa Sunda geus aya, tapi pangaweruh ngeunaan Tatakrama Basa Sunda can dipikaweruh, anu antukna TBS langka digunakeun. Ieu hal bisa ngalantarankeun pamiarsa jadi sieun salah dina ngagunakeun basa Sunda, anu antukna basa Sunda tara digunakeun nalika nyarita. Ku kituna, kasadaran pamiarsa kana basa Sunda téh positif tapi teu optimal.

c. Patalina réson kana sikep basa Sunda pamiarsa program Napak Tilas di Garuda Radio Visual 105.5 FM Bandung

Tina réson, katitén kacida mangaruhanna kana sikep basa pamiarsa program Napak Tilas. Réson pamiarsa nu sakitu positifna, mikaresep ka penyiar, kontén, jeung lagu Sunda, ngalantarankeun pamiarsa boga karep pikeun diajar tur nanjeurkeun basa jeung budaya Sunda. Hususna sanajan aya pamiarsa nu basa sapopoéna maké basa Indonesia jeung basa Jawa, tapi waktu gunem catur jeung papada pamiarsa, basa nu digunakeun téh basa Sunda.

## 5.2 Saran

Dumasar hasil analisis, disusun saran-saran pikeun sawatara pihak sangkan leuwih nanjeur ogé ngaronjatkeun basa Sunda, di antarana:

- a. Nu maca, dipiharep bisa mikawanoh sarta ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan sikep basa Sunda, sangkan bisa ngajadikeun média informasi;
- b. Lembaga paélmuan, dipiharep bisa jadi wadah anu bisa ngajénan sarta ngahudangkeun karep masarakat dina basa Sunda hususna sikep basa; jeung
- c. Panalungtik, dipiharep saterusna bisa ngalengkepan hal-hal anu masih kurang dina ieu panalungtikan. Lian ti éta, panalungtik ogé miharep ka nu nalungtik saterusna bisa leuwih nyosok jero dina nganalisis sikep basa Sunda.